

Dasanamajarwa, Dirjaatmaja, 1913, #1168

Katalog : [Dasanamajarwa, Dirjaatmaja, 1913, #1168](#)

Sambung : -

DHOSONOMODJARWO

--- 0 ---

Sêrat Dasanama Jarwa

Anggitanipun Suwargi Radèn Tumênggung Sastranagara. Pujôngga ing Karaton Dalêm Surakarta Adiningrat, Inggih Punika Ingkang Kala Taksih Apangkat Kaliwon Sinêbut Kiyai Ngabèi Yasadipura Kaping Kalih.

Kawêdalakên dening Radèn Dirjaatmaja. Uprêdhaktur Sêrat Kabar Jawi Kandha Surakarta. Kaêcap ingkang kaping kalih. Kaêcap ing pangêcapanipun N.V. Mij. t/v d/z ALBERT RUSCHE & Co. Soerakarta 1913.

--- 0 ---

DHOSONOMODJARWO

Sêrat Dasanama Jarwa

Anggitanipun Suwargi Radèn Tumênggung Sastranagara. Pujôngga ing Karaton Dalêm Surakarta Adiningrat, Inggih Punika Ingkang Kala Taksih Apangkat Kaliwon Sinêbut Kiyai Ngabèi Yasadipura Kaping Kalih.

Kawêdalakên dening Radèn Dirjaatmaja. Rêdhakturing Sêrat Kabar Jawi Kandha ing Surakarta. Kaêcap ing pangêcapanipun Tuwan N.V. Mij. t/v d/z ALBERT RUSCHE & Co. Soerakarta 1913.

Sêrat Dasanama Jarwa

Punika sêrat dasanama, ingkang winijangakên wardi suraosipun, dhatêng Pujôngga Radèn Tumênggung Sastranagara, abdi dalêm bupati kadipatèn anom, inggih punika ingkang kasêbut nama Ngabèi Yasadipura ingkang kaping kalih, anggènipun anjarwani makatêن punika, saking angèstokakên dhawuhing karsa dalêm Ingkang Sinuhun Pakubuwana ingkang kaping sakawan, ingkang angadhaton ing nagari Surakarta Adiningrat, supados kagêm wêwaton ing salaminipun, minongka pêpèngêt dhumatèng kajêngipun ing asma piyambak-piyambak, katranganipun ing ngandhap punika

Namaning Dewa

Sang Hyang. Têgêsipun amadhangi, awit ing ngajêng têmbungipun syang, têgêsipun padhang, amêndhêt saking padhanging srêngenge awan, sawênèhing sarjana, têmbung sang hyang, dipun wrêdèni angidini, kapêndhêt saking têmbung anuswara sahyan purba [pur...]

[...ba] saking sahiya, têgêspun angèstokakêñ, sarèhning pamanggih kalih wau têpang suraosipun, inggih prayogi sami kangge wêwaton, awit têmbung angidini, tuwin angèstokakêñ, saèstu gadhah kajêng amadhangakêñ, tandhanipun dewa kawasa sipat mirah sipat asih, anjurungi sakajating titah sadaya.

Sang Hwang. Têgêspun sêsotyaning manusa, wijangipun, sang, sotya, adi, hwa, manusa, saking têmbung, wong, dene wong punika jarwanipun piyambak paklowongan, inggih raga, inggih awak, inggih sarira, satêngahing sarjana têmbung sang hwang, dipun wardèni pêpijèning sêsotya, wijangipun sang, sotya, dene hwang gadhah jarwa ingsun, saking têmbung ingwang, dene têgêspun sun wau, andhewe, piniji, witipun saking têmbung suhun, têgêspun sumêmi, inggih punika gêsang, inggih gêsang inggih wiji, dene têmbung sun, gadhah parerehan ingwang, têmbung ingwang, gadhah parerehan têmbung sumêmi, saking sumêmi wau.

Absara. Têgêspun waskitha, punika ngajêng saking têmbung aibsara, wijangipun aib, elok, samar, sara, landhêp, alus, lêpas, dados pikajêngipun ingkang lêpas botên kasamaran, dene sumêrêp sadèrèngipun winarah, ingkang gaib ingkang elok ingkang samar sampun [sa...]

[...mpun] kacakra wontên siring budi sadaya.

Dene têmbung Sangsêkrita wontên ingkang mirib suraosing têmbung absara, inggih punika absra, têgêsipun êrèh alus, bokmanawi pamêndhêtipun ngajêng saking têmbung absra wau, awit alus lêpas punika bangsaning samar, punapadene rèh saèstu inggih saking elok, sabab absara punika taksih badan alus, jisim rohkani, mila bongsa absara punika kala samantên botên mêtshi ingkang mutrakakêñ, nanging inggih bangsaning jawata sadaya.

Jiwata. Têgêsipun paugêraning gêsang, wijangipun jiwa, nyawa, ta: paugêran, sawênèhing sarjana, têmbung jiwata, jinarwan jêjêring wiji, wijangipun ji: rahsa, inggih wiji, saking parji, wata: jêjêr, saking wat.

Gana. Têgêsipun wujud kawasa, sawênèhing sarjana têmbung gana, kajarwanan luhur, dados saking wancahaning têmbung gêgana, kabêkta bangsaning para dewa sagêd angambah ing awang-awang.

Mahanasa. Têgêsipun langkung kawasa, wijangipun maha: luwih, agêng, nasa: kawasa.

Dewa. Kabêkta saking namaning panggenan, sawênèhing sarjana têmbung dewa, dipun têgési karsa ingkang linangkung, wijangipun, de kajêng, wa linangkung.

Dewata. Têgêsipun paugêraning pulo dewata. [dewa...]

[...ta.]

Jawata. Têgêsi

un guruning tanah Jawi.

Suksmanasa. Têgêsi

un kawasa kang samar, wijangipun suksma: samar, nasa: kawasa.

Amara. Têgêsi

un samar, amor.

Bathara. Têgêsi

un agêng, jêmbar rèhipun.

Widadara. Têgêsi

un roh ingkang langgêng, wijangipun widada: slamêt, inggih slamêt inggih langgêng, ra: roh, sawênèhing sarjana têmbung widadara dipun têgêsi gônda kang rakêt, wijangipun kadamêl dados ngalih wanda, wida: gônda, borèh, dara: rakêt.

Sura. Têgêsi

un wani, roh, dene saking kabékta badan alus.

Sidhya. Têgêsi

un têrang, dene wêruh saduruning winarah.

Hong. Têgêsi

un kinajrihan.

Rêsi. Têgêsi

un suci.

Wiku. Têgêsi

un pitê dah kawruh.

Namaning Widadari

Absari. Têgêsi

un sêsotyaning èstri, wijangipun ab: gaib, sêsotya, sari: sêkar, nanging kangge wandaning èstri, utawi minôngka jodho kêmbaraning dewa kang nama absara.

Dewati. Têgêspun rahsa ingkang ayu, wijangipun de: kajêng, ayu. Wati: rahsa, saking wat, utawi minongka dados kêmbaraning dewata.

Dèwi. Têgêspun langkung ayu, wijangipun de: kajêng, ayu. Wi: luwih, utawi minongka kêmbaraning dewa.

Bathari. Têgêspun pangagênging pawèstri, utawi kêmbaraning bathara.

Waranggana. Lérésipun wara anggana, têgêspun piniji para agêng, wijangipun wara: agêng, anggana: dhewe, piniji.

Surawadu. Têgêspun dewa wadon, wijangipun sura: dewa, wadu: wadon.

Suraduita. Têgêspun inggih dewaning wadon, wijangipun sura: dewa, duita: wadon.

Widadari. Têgêspun tuking gônda, wijangipun wida:gônda, dari: tuk.

Surarêtna. Têgêspun dewaning wanodya, wijangipun sura: dewa, rêtna: candraning wadon.

Namaning Ratu

Naradipa. Têgêspun wong kang amadhangi, wijangipun nara: uwong, dipa: padhang, dene panjénêngan ratu amadhangakên pêtênging kawula, kados ta angrawat kang acacad, tiyang [ti...]

[...yang] malih sato, tuwin sawarnining tiyang ingkang salah kadadosan sapanunggilanipun pinaripurna, angganjar dasih ingkang kaslamêtan, marasakên ing asakit, mulyakakêng apapa.

Naranata. Têgêsiipun wong amarentah, wijangipun nara: uwong, nata: parentah.

Narapati. Têgêsiipun sotyaning manusa, wijangipun nara: uwong, pati: sotya, sawènèhing sarjana ugi anégési wong amarentah, wijangipun nara: uwong, pati: parentah.

Bupati. Têgêsiipun marentah ing bumi, wijangipun bu: bumi, pati: parentah.

Bumipala. Têgêsiipun panungguling bumi, wijangipun bumi: sampun jarwa, pala: panunggul.

Buminata. Têgêsiipun amarentah ing bumi, wijangipun bumi: sampun jarwa, nata: parentah.

Prabu. Têgêsiipun marabot, sawènèh anégési bapa, inggih bapakaning manusa kathah, saking témbung Arab pra Abu, têgêsiipun bapa.

Katong. Têgêsiipun dewa katingal.

Ratu. Têgêsiipun narambahî.

Pamasa. Têgêsiipun kawasa.

Hèrêyangsa. Têgêsiipun piniji ing dewa, wijanganipun [wija...]

[...nganipun] hèrhyang: dewa, sang: piniji.

Narpadipa. Têgêsiplen kajêng adamêl padhang, wijangipun narpa: kajêng, dipa: padhang.

Aji. Têgêsiplen kajèn kinawêdèn.

Raja. Têgêsiplen pangagêng.

Sunan. Têgêsiplen pêpundhèn.

Sinuhun. Têgêsiplen ingêmbun-êmbun.

Iswara. Têgêsiplen linuhur.

Narendra. Têgêsiplen gêgununganing wong, wijangipun nara: uwong, endra: gunung.

Sri. Têgêsiplen bagus, ayu, mila têmbung sri, kangge dhatêng sêsêbutan ratu priya ratu putri.

Mahawirya. Têgêsiplen agêng luhur, wijangipun maha agêng, wirya luhur.

Pangêmpyun. Têgêsiplen angaubi, utawi barukuti.

Dene ing Dewanagari, ingkang kangge inggih amung prabu, raja, ratu, nata, narendra, narpati, bilih tanah Ngarab sêsêbutanipun sultan, têgêsiplen inggih botên bëntên akalihan têmbung Jawi: susuhunan utawi sinuhun, dene sêsêbutan kangjêng wênang dhatêng kakung wênang dhatêng putri, kajêngipun inggih ingkang bagus utawi ingkang ayu, têmbung ratu

inggih wênang dhatêng kakung, inggih wênang dhatêng putri.

Bandara. Punika têmbung wancah, entaripun banda udara, têgêsipun: têrah têdhaking wong bôngsa agung luhur, wijangipun banda: agêng, udara: luhur.

Pramèsvari. Têgêsipun langkung linuhuring èstri, wijangipun parama: linangkung, iswari: linuhuring èstri.

Pramèswara. Têgêsipun inggih sami kalihan pramèsvari, anamung sastranipun ing ngajêng, pramèswarya.

Wara supadmi. Têgêsipun pangagênging garwa, wijangipun wara: pangagêng, supadmi: garwa.

Padniswara. Têgêsipun garwa ingkang linuhur, wijangipun padni: garwa, iswara: luhur.

Dayita. Têgêsipun musthikaning wadon, inggih wadon ingkang pinusthika.

Narpawadu. Têgêsipun ratuning wadon, wijangipun narpa: ratu, wadu: wadon.

Narpadayita. Têgêsipun ratu musthikaning wadon.

Narpaèstri. Têgêsipun ratu wadon, wontên malih têgê èstri jumurung, inggih punika wajibing èstri jumurung ing priya, tan kenging lênggana ing sapakèn.

Narèsvari. Têgêsipun ratu dhêdhuwuraning wadon, wijangipun nara: wong, sarèhning tumrap ratu èstri dados [da...]

[...dos] katêgêsan pawongan, iswari: ratu wadon.

Waraduhita. Têgêspun pangagênging wadon, wijangipun wara: pangagêng, duhita: wadon.

Natarèni. Têgêspun ratuning wadon, wijangipun nata: ratu, rèni: wadon.

Kangjêng ratu. Têgêspun sang ratu ayu.

Wararèni. Têgêspun pangagêng ngaëstri, wijangipun wara: pangagêng, rèni: èstri.

Sri Mahèsvari. Têgêspun ratu pangagênging putri.

Sori. Têgêspun musthikaning putri.

Rêtnadayita. Têgêspun sotyaning wadon.

Namaning lanang

Lanang. Têgêspun lana, inggih punika jêjêg, ngadêg.

Jalér. Têgêspun bénér.

Jalu. Têgêspun anêja têlu, 1. ngaras, 2. prêmbayun, 3. pawèstrèn.

Priya. Lérésing têmbung pariaya, têgêspun kuwawi pakantuk, wijangipun pari: pakantuk, aya: kuwat.

Walija. Têgêspun wêtuning kuwat, wijangipun wali: kuwat, ja: wêtu.

Kakung. Têgêspun kaku, ingkang kaku wau yèn nuju kajêngipun. [ka...]

[...jêngipun.]

Purusa. Têgêsipun palurusa, utawi parosa, inggih punika kuwat.

Namaning Wadon

Taruni. Têgêsipun yèn dèrèng masa dados kaupamèkakên godhong ênèm, inggih sinom.

Kintaka. Têgêsipun manawi sampun masa, dados kaupamèkakên sêkar pudhak.

Wahila. Têgêsipun yèn taksih kapingit.

Wararana. Têgêsipun yèn wonten paprangan, wijangipun wara: wadon, rana: paprangan.

Lantasi. Têgêsipun yèn lumajêng.

Wanodya. Têgêsipun yèn sampun panggih.

Marnadu. Têgêsipun yèn sampun sapaturon, kajêngipun marana adu, inggih abèn prang tangkis, akalihan waos.

Sarika. Têgêsipun yèn sampun anak-anak, dados kaupamèkakên sêkar.

Kênya. Têgêsipun yèn taksih parawan, kaupamèkakên yèn taksih wantah.

Rara. Têgêsipun yèn taksih parawan tanggung dados kaupamèkakên pindha sésotya.

Parawan. Têgêsiplen wadon ingkang taksih dèrèng laki, têgêsing prawa, sorot, dados kaupamèkakên taksih sumorot, kapirit saking dèrèng kalong cahyanipun, punapadene taksih suci, inggih punika taksih lêgan loncang-lancing.

Èstri. Têgêsiplen rêmbeș tigang prakawis, 1 ngêdalakên toya, 2 mijilakên rah, 3 mahyakakên mani nutpah.

Namaning Patih

Patih . Têgêsiplen mêmatah.

Patya. Têgêsiplen mataha.

Mantriman. Têgêsiplen anglangkungi tigang prakawis, bopati, papati, senapati.

Mantrimukya. Têgêsiplen inggih dados panunggul tigang prakawis wau, têgêsing mukya, panunggul.

Natapraja. Têgêsiplen anata nagari, wijangipun: nata, matrap, matah, praja, nagari.

Nataradya. Têgêsiplen mranata nagari, wijangipun: nata, mranata, radya, nagari.

Mantriwisesa. Têgêsiplen kadunungan wêwênang tigang prakawis, ulat, ulah, ilat, têgêsiplen ulat, pamawasan, dene anguningani pangulahing praja, ulah

pangrêtos, dene amangrêtos samukawis lampah-lampahing praja, ilat, lidhah, dene lêpas dhatêng pangulahing parapabêñ.

Sawênèhing sarjana mantri punika kajarwanan angawruhi tigang prakawis, nistha, madya, utama, nisthanipun dene anyumérêpi dhatêng ngalit, madyanipun anyumérêpi dhatêng tengah kados ta: bupati sapanunggilanipun, utamènipun dene angêmban dhawuhing ratu.

Mantrimuktya. Têgêsipun mantri mukti, awit sadaya abdi dalêm sapanginggiling jajar minggah kasêbut mantri.

Namaning Tumênggung

Tumênggung. Têgêsipun dhêdhênggung, utawi tumênggung, dene anênggung dhatêng sawêwêngkonipun.

Bopati. Têgêsipun kabubuhaning parentah.

Nayaka. Têgêsipun polatan, utawi panunggul.

Wadana. Têgêsipun pangajêng, dene dados pangajênging bawahan.

Manggala. Têgêsipun pangagêng.

Prawara. Têgêsipun pangagêng.

Pratiwa. Têgêsipun sarwa samêkta, wijanging têmbung, parati, miranti, iwa, karo.

Pradhara. Têgêsipun tengah antaraning pangagêng, awit dhara, [dha...]

[...ra,] gadhah jarwa antara agêng.

Namaning Utusan

Utusan . Têgêsiplen putusan, inggih pangrampungan.

Duta. Têgêsiplen anglanturakên.

Caraka. Têgêsiplen angimbalakên pangandika.

Anggandhèk. Têgêsiplen ngêmban dhawah, utawi gandhèng.

Cundaka. Têgêsiplen têlik.

Nibasara. Têgêsiplen uncal-uncal.

Darsana. Têgêsiplen anulad.

Prajaka, pradaka. Têgêsiplen pamariksa.

Cundhamani. Têgêsiplen anyundhukakên sotya, inggih punika anyundhukakên raos, kajêngipun mundhi dhawah.

Sunadha. Têgêsiplen linuwih ing wicara.

Namaning Wong

Wong. Têgêsiplen awak, kajêngipun kalowong.

Nara. Têgêsiplen landhêp, purba saking têmbung: sara.

Jana. Têgêsiplen sugih pananya, utawi dumunung.

Janma. Têgêsiplen têdhaking jan, utawi dumunung lêwih.

Manusa. Têgêsiplen pêpijèning rahsa, wijangipun, manu: mani, sa: sawiji.

Tiyang. Têgêsiplen warananing dewa, utawi jêjér.

Janmi. Têgêsiplen dumunung ing bumi.

Manusiha. Têgêsiplen musthikaning banyu, aggènipun winardèn makatén punika, dene manusa asal saking kanyatahaning banyu.

Namaning Langit

Akasa. Têgêsiplen santosa.

Langit. Têgêsiplen kumulit.

Gêgana. Têgêsiplen anglimputi, inggih anguwaosi, mila katembungakên anguwaosi dene dados kêkandhanganing jagad sadaya.

Wiyat. Têgêsiplen langkung luhur, utawi panggenan langkung têbih.

Jumantara. Têgêsiplen antara kang lêpas têbane, inggih antara ingkang alus.

Widi-widik. Têgêsiplen polatan bénér, inggih têbih, labêt ing nginggil punika lantas kemawon, botén kalingan ing wêwarnèn wadhag.

Namu-namu. Têgêsiplen amun-amun.

Namaning Lintang

Lintang. Têgêsiplen linangkung, dene kathahipun anglangkungi sadaya wêwarnèn ingkang katingal.

Kartika. Têgêsiplen kêtèb, dene kasawang saking ngalam dunya katingal pating kêtèp

Sukra. Têgêsiplen maramong, awit dene katingal amyang.

Sudama. Têgêsiplen sumorot pindha damar.

Sasa. Têgêsiplen sawiji-wiji, dene dados wêwijèning samukawis wêwarnèning dunya punika sadaya, dèrèng wontèn samukawis sampun mujudakên lintang adhapur sinaroja, awarni manusa, sato, ibér, dharat, bujèngan toya, dandosan.

Namaning Rêmbulan

Rêmbulan. Têgêsiplen patêmpukan.

Côndra. Têgêsiplen bundér, utawi rêngga, dene wujudipun sarwa angrêsêpakên.

Purnama. Têgêsiplen wêtah, inggih punika yèn wulan^[1] gangsal wêlas.

Wulan. Têgêsiplen wêtahan, inggih punika yèn wulan jangkêp umur 30 dintên.

Sasi. Têgêsiplen miji, inggih punika yèn umuring wulan nuju 29 dintên.

Sitarêsmi. Têgêsiplen angrêsêpakên manah, wijangipun, sita: ati, rêsmei: ngrêsêpakên.

Sitangsu. Têgêsipun pamanahan anglangkungi, wijangipun, sita: manah bénér, angsu: nglangkungi, ngingsêp.

Namaning Srêngenge

Srêngenge. Têgêsipun sêrêng tumangi, inggih punika murugakên dhatêng kékêncêngan.

Surya. Têgêsipun sêstorotipun anuju kang kauban.

Rawi. Têgêsipun kumaringêt, angêdalakên toya dados jawah.

Arka. Têgêsipun anganakakên banyu, wijangipun ar: banyu, ka: anak.

Bagaskara. Têgêsipun urub kang adamêl kiyat, wijangipun, bagas: kiyat, kara: urub, gawe.

Bagaspati. Têgêsipun ratuning pêpadhang, wijangipun, bagas: padhang, pati: ratu.

Wrahaspati. Têgêsipun mamrih waras, wijangipun, wrahas: waras, pati: parentah, angrèh, mamrih.

Aruna. Têgêsipun mérês banyu, dene sagêd anggaringakên samukawis kang atêlês.

Siwandakara. Têgêsipun pangawak urub, wijangipun, siwanda: awak, kara: urub.

Raditya. Têgêsipun narambahî kaluwihan, wijangipun, [wijangi...]

[...pun,] rat: jagad, ditya: linangkung, sawènèhing sarjana anégési adining jagad.

Jamatagni. Têgêsipun paningal latu, wijangipun, jamata: paningal, agni: latu.

Tandhaning dumadi. Têgêsipun pratandhaning titah, dene tandhaning gêsang saking latu, witing latu saking srêngenge.

Namaning Banyu

Udaka. Têgêsipun banyu mungguhing wêwadhah.

Etuh. Têgêsipun banyu yèn mungguhing wowohan.

Warih. Têgêsipun banyu yèn mungguhing ngoyot, utawi mungguhing karambil.

Tirta. Têgêsipun banyu yèn mungguhing sumur.

Lowak. Têgêsipun banyu yèn mungguhing rérêmbês.

Wulusan. Têgêsipun banyu mancur saking gunung.

Pêtha. Têgêsipun banyu kang munthuk malêndhung.

Rancak hèrni. Têgêsipun banyu mili katalangan.

Sindu. Têgêsipun banyuning lesan, inggih punika idu.

Sindu upaka. Têgêsipun yèn banyu bangawan, wijangipun, [wijang...]

[...ipun,] sindu: banyu, upaka: paklêmpakaning lèpèn.

Suci. Têgêsipun banyu ing pasimpênan, kados ta: jêmbangan, gênthong, padasan, kêndhi, kulah, sapanunggilanipun.

Arjuna. Têgêsipun banyu yèn mungguhing watu, utawi toya ing jun, wijangipun, ar: banyu, juna: jun.

Jala. Têgêsipun banyu molah, inggih molah inggih mili.

Sih. Têgêsipun banyu ngasrêpi.

Jahning. Têgêsipun banyu têlaga.

We. Têgêsipun banyu rêmambas.

Ranu. Têgêsipun banyu sinolah.

Sagara. Têgêsipun banyu angidêri jagad.

Tasik. Têgêsipun banyu polatan têbih.

Laut. Têgêsipun banyu ngêlaut.

Jalanidhi. Têgêsipun banyu kang bénér, utawi banyu angêndhong, inggih banyu kang angêdhung.

Hèrnawa. Têgêsipun banyu sawangan ingkang têbih.

Samodra. Têgêsipun banyu patêmpukan mubêng.

Udaya. Têgêsipun banyu kang akèh, utawi banyu munjung, inggih banyu kuwat, dene pakumpulanipun langkung kathah.

Udadi. Têgêsipun banyu wuwuh-wuwuh.

Jaladhiyan. Têgêsipun banyu angalun.

Namaning Bumi

Bumi. Têgêsipun lêbu sumêmi.

Lêmah. Têgêsipun malumah.

Bantala. Têgêsipun dhêdhasar.

Kisma. Têgêsipun kikasing banyu.

Pratala. Têgêsipun ambah-ambahan.

Pratiwi. Têgêsipun ambah-ambahan êlêting banyu.

Rat. Têgêsipun narambahai.

Jagad. Têgêsipun ambah-ambahan.

Wati. Têgêsipun ngêkahi.

Loka. Têgêsipun sumarambah.

Lêbu. Têgêsipun pangêmotan.

Bawana. Têgêsipun jêmbar.

Mandhala. Têgêsipun wêwatês.

Pramudita. Têgêsipun angwontênakên sarwa tumuwuh.

Namaning Gunung

Gunung. Têgêsipun gênêng, angatingalakên jurang-jurangipun.

Endra. Têgêsipun yèn katingal saking katêbihan.

Giri. Têgêsipun yèn kalinggihan sukunipun ing gunung.

Parwata. Têgêsipun yèn kalinggihan ing luhur.

Wukir. Têgêsipun manawi pinuju cinangkraman. Têgêsing cinangkraman manawi kangge lêlangênan.

Ancala. Têgêsipun manawi kanggenan tiyang anastapa.

Asalingga. Têgêsipun bilih kèdêgan pucuking rêdi.

Aldaka. Têgêsipun bilih tinimbangan sami ardi.

Wanawasa. Têgêsipun ardi mawi wana.

Namaning Angin

Maruta. Têgêsipun pamoring loro, dene sagêd anunggil toya, akalihan nunggil amun-amun.

Bayu. Têgêsipun angin damêl rahayuning têtanêman.

Bajra. Têgêsipun angèbêki.

Prahara. Têgêsipun angin agêng.

Pôncawora. Têgêsipun angin pakumpulan gangsal, saking tengah, inggih punika ngandhap inggil, sanèsipun saking keblat sakawan.

Lesus. Têgêsipun angin mêsês.

Angin. Têgêsipun sagêd sumurup ing sadhengah panggenan [pang...]

[...genan] kang abolong, utawi tansah amolah kumêjêb-kêjêb.

Pawana. Têgêsipun angèbêki kawontênan.

Angin kakim. Têgêsipun prahahara^[2] kang langkung kéras, adamêl risak.

Angin sarsar. Têgêsipun angin tanpa sangkan, inggih damêl risak.

Ayaskara. Têgêsipun angin buwang mega.

Aliawar. Têgêsipun angin ngentarakên watu.

Angin asip. Têgêsipun lesus sagantên, ingkang adamêl risaking baita.

Angin tasêp. Têgêsipun prahara ugi karya bilai.

Sindhungriwut. Têgêsipun prahara têmpuran, saha mawi jawah.

Gulingan. Têgêsipun angin andhasar, anyakecakakên sare.

Caratwarsa. Têgêsipun prahara agêng.

Namaning Blêdhèk

Blêdhèk. Têgêsipun kabékta saking swara jumêbrèt.

Gêlap. Têgêsipun saking mawa tôndha gumêbyar gumilap.

Graksa. Têgêsiplen balêdhèk kang agawe risaking samukawis.

Wrahaspati. Têgêsiplen ratuning galak, wijangipun, wrahas: galak, pati: ratu.

Kêtug. Têgêsiplen suwantên ingkang anglangkungi sora.

Kupak. Têgêsiplen langkung bantér.

Patér. Têgêsiplen swara ingkang kadi mubêng.

Cancala. Têgêsiplen anjêjak, dene anjêjak panggenan umbulipun dhatêng ing tawang.

Jaladha. Têgêsiplen balêdhèk wor mêndhung.

Namaning Jawah

Udan. Têgêsiplen banyu tumurun.

Warsa. Têgêsiplen banyu bénér, dene dèrèng kacampuran bangsaning toya sanès.

Riris. Têgêsiplen jawah kérêp.

Jawah. Têgêsiplen wêtuning banyu, inggih punika toya karingêt.

Garimis. Têgêsiplen jawah lêmbat.

Rêrêp-rêrêp. Têgêsiplen jawah têtêruh.

Awrur. Têgêsiplen jawah sumawur.

Têruh. Têgêsiplen jawah tôndha gara-garaning sinatriya.

Rarabi. Têgêsi

un jawah sonten.

Surur. Têgêsi

un jawah ngarêcèh.

Warsaya. Têgêsi

un ananing banyu, dene witing toya saking jawah.

Wrêsti. Têgêsi

un jawah adrês langkung lêmbat.

Namaning Mêndhung

Mêndhung. Têgêsi

un mangêndhong, dene dados êndhonganing toya jawah.

Jaladara. Têgêsi

un andhêg-andhêging awang-awang, wijangipun, jala: anggrêg-anggrêg, udara: awang-awang.

Kuwera. Têgêsi

un panggenan pangêmotaning toya jawah.

Jaladha. Têgêsi

un banyu angêndhong, dene kandongan toya jawah.

Dhanu. Têgêsi

un mēndhung pêtêng.

Imaèrya. Têgêsi

un mega angêmu toya, inggih mēndhung ugi.

Imandaka. Têgêsi

un inggih mega ngêmu toya, wijangipun, ima: mega, daka: banyu, saking wancahaning têmbung udaka.

Namaning Mega

Ima. Têgêsi

un yèn ngalingi wulan nipis.

Nirada. Têgêsiplen yèn mega cêmêng anunggil mega abrit.

Imakapura. Têgêsiplen yèn mega angidêring srêngenge.

Sasmiti. Têgêsiplen yèn mega awor lan kêkayon.

Imantaka. Têgêsiplen mega papak lan banyu.

Ulur. Têgêsiplen mega panjang anyalèntrèng.

Kokap. Têgêsiplen manawi mega putih kang kadi kukus.

Mega. Têgêsiplen pangêmotaning banyu, amargi karingêt sapanunggilanipun asring manggèn ing ngriku, minongka sangsangan.

Namaning Kêkuwung

Kêkuwung. Têgêsiplen kabékta saking wujudipun kuwung, inggih ngêlowong.

Wangkawa. Têgêsiplen kumalowong.

Danu. Têgêsiplen kuwung marganing udan, wijangipun, dan: udan, nu: dalan, amargi kuwung punika tejaning banyu, sabén banyu kasorot dening surya, mawa kuwung, sasirnaning kuwung têmtu jawah lajêng tumurun.

Danumaya. Têgêsiplen kuwung ingkang sorotipun langkung

wêning, jalaran rêsik tanpa mèndhung, wêkasan botên dhawahakêñ jawah, sabab saking kabuncang ing angin.

Tejaèrwa. Têgêsipun tejaning banyu, wijangipun, teja: sampun mastani, èrwa: banyu.

Namaning Calèrèt

Calèrèt. Têgêsipun sumêlèt.

Kilat. Têgêsipun calèrèt ingkang dumunung wontêñ mega kandêl badhe jawa.^[3]

Lidhah. Têgêsipun kilat ingkang mêdal mangsaning dalu.

Widyuta. Têgêsipun kilat yèn sumêla mega pêtêng.

Thathit. Têgêsipun kilat anyarêngi galudhug.

Kêdhap. Têgêsipun manawi nuju pêtênging jawah akarya pêpadhang.

Kêlap. Têgêsipun gilap, inggih punika sorot hawaning latu bêntèr ingkang dumunung wontêñ ngamun-amun. Manawi katrajang dening mèndhung mega jawah, bêsatipun dados balêdhèk.

Namaning Galudhug

Galudhug. Têgêsipun swara têtumbukan, têmpukaning daya angin, latu, amun-amun, toya, kang kinarubêng dening mèndhung.

Gêtêr. Têgêsipun swara kang angebahakêñ pangrasa, amargi [a...]

[...margi] suwantênipun amêtik wontên talingan, jalaran kakrubêng mèndhung, dados tanduking swara mélêg botên sagêd buntas marêncâ.

Guntur. Têgêsipun swara kang angebahakêng pangrasa kadisdene ngorêgakêng jagad sadaya.

Grah. Têgêsipun swara adamêl otêring jagad, utawi damêl gêtêring talingan.

Gumuruh. Têgêsipun swara tampan-tinampan.

Namaning Buta

Buta. Têgêsipun agêng, utawi mamak, saha kabékta asring angrêbut, lan angrubut.

Danawa. Têgêsipun cêpak népsu, wijangipun, dan: nuli, awa: népsu, tuwin têdhaking Bathara Danu.

Ditya. Têgêsipun linuwih, dene sarwa sêmbada sagêd manjing ajur ajèr.

Raksasa. Têgêsipun bangsaning bêrkasakan.

Rasaksa. Têgêsipun kang môngsa sidêkah, wijangipun rasa aksa, rasa: môngsa, aksa, tingalan, dados sidêkah punika sabén tingalaning jawata, tuwin para nata, katelad sagunging manungsa sadaya

Gandarwa. Têgêsipun wujud manungsa.

Asura. Têgêsipun wanthèn, dene botên wontên [wo...]

[...ntên] kang kaèrèpakên.

Wil. Têgêsipun angarad, inggih punika anggêgèrèt.

Wisadha. Têgêsipun sagêd siluman.

Yaksa. Têgêsipun angrusak sidêkah, dene sabêñ ari rudragsa mêmulènipun Sang Hyang Guru, para dênawa sami kapancenan ingkang dados aratanipun sêsajèn.

Rasêksi. Têgêsipun buta wadon, jodhoning rasêksa.

Diyu. Têgêsipun buta wadon.

Namaning Kêthèk

Kêthèk. Saminipun kêtèk, têgêsipun sugih swara.

Wre. Têgêsipun sagêd anjêlih.

Kapi. Têgêsipun dene sugih wulu.

Kuthila. Têgêsipun awon bathukipun.

Wanara. Têgêsipun kewan warna manusa, wijangipun: wan, kewan, nara, wong.

Plawaga. Dene sarwa cikat.

Palwaga. Dene sarwa tarampil

Palgosa. Têgêsipun sarwa mangêrti.

Rewanda. Têgêsipun pangawak swara, wijangipun: re: swara, wanda awak

Kalidan. Têgêsipun sarwa rikat.

Kênyung. Têgêsipun kêthèk wadon.

Gapila. Têgêsipun tarampil.

Namaning Gajah

Gajah. Têgêsipun sugih solah, lungguhipun yèn anèng wana.

Asti, èsthi. Têgêsipun yèn tinunggangan.

Dirada. Têgêsipun yèn mèta.

Dwiradha. Têgêsipun gadhah siyung kalih, wijangipun dwi: loro, radha: untu, inggih punika gadhing.

Waniti. Têgêsipun yèn pinêlanan, inggih punika pinêrabotan saput parantos.

Matêngga. Têgêsipun yèn binêkta cangkrama.

Dwipangga. Têgêsipun ngunjuk kaping kalih, wijangipun, dwi: loro, pangga: sêrot, dene yèn ngombe kasêrot saking têlale lajêng katampèn panyêroting cangkêm.

Samaja. Têgêsipun yèn binêkta aprang.

Gajamuka. Têgêsipun gajah ngamuk, gajah pangarêp, gajah yèn tinunggangan ing buta.

Brajamuka. Têgêsipun gajah ngamuk ngangge dêdamêl, utawi yèn binarong.

Liman. Têgêsipun aliman dene sami-sami

bêbujêngan wana alim piyambak dhatêng prakawis sacumbana, utawi wontên ingkang mastani, liman punika kados suku lima, dene tulalenipun sagêd dumugi siti, utawi wontên ingkang mastani malih, liman punika yèn nuju wontên cancangan wantilan.

Gathamuthu. Têgêsipun bilih badhe cumbana, awit katingal agôンtha mathuthuk.

Namaning Jaran

Jaran. Têgêsipun unjaran, dene wontên gêdhogan ijèn botên kawoworan bangsanipun.

Kuda. Têgêsipun sagêd midêr.

Wajik. Têgêsipun wijik, inggih punika suku panggenan wijikan nama wajik, karan namaning turôngga.

Turôngga. Wijangipun turaôngga, tura: alus, ôngga: badan katêgêsan lêmês badanipun.

Kapal. Têgêsipun lantèh, dene sarwa mangrêti dhatêng pangajaran.

Swa. Têgêsipun jaran kinasih, inggih punika tumpakan.

Undhakan. Têgêsipun tunggangan.

Gêdhog. Têgêsipun gêgêdhug, dene sami-sami kewan linangkung piyambak.

Namaning Macan

Macan. Lérésipun macyan, tégésipun macia, inggih punika anggéro, anggémprong.

Singa. Tégésipun sagêd mungêl singaong.

Singha. Tégésipun inggih ingkang sagêd mungêl singaong.

Saradula. Tégésipun patémpuhaning lêlandhêp, kados ta: untu siyungipun, ilat kados parut, cakar kuku lancip.

Mong. Tégésipun kang sagêd mungêl maong.

Arimong. Tégésipun mêramong, dene abang mawi lorèk.

Kiswari. Tégésipun sarwa bruwut-bruwut.

Jagur. Tégésipun macan dhékêm.

Margapati. Tégésipun rinakêt ratu.

Namaning Banthèng

Banthèng. Tégésipun bênthing, dene lumanang-lanang.

Gardaka. Tégésipun sugih népsu.

Andaka. Tégésipun pangawakan lêmbu.

Angun-angun. Tégésipun banthèng rosa.

Sikandhana. Tégésipun banthèng lanang.

Sikandhini. Tégésipun banthèng èstri.

Jêjawi. Tégésipun banthèng èstri.

Namaning Banthèng^[4]

Banthèng. Têgêsipun bênthing, dene lumanang-lanang.

Gardaka. Têgêsipun sugih népsu.

Andaka. Têgêsipun pangawakan lêmbu.

Angun-angun. Têgêsipun banthèng rosa.

Sikandhana. Têgêsipun banthèng lanang.

Sikandhini. Têgêsipun banthèng èstri.

Jêjawi. Têgêsipun banthèng èstri.

Grigsa. Têgêsipun gêtapan. Labêt saking kêndêl. Gêtapanipun botên gêtapan was sumêlangan. Gêtapan népsu kêdah ngamuk.

Garagsa. Têgêsipun angajrihi, dene sabên sumérêp samukawis kêdah ambujêng kaamuk, punapa malih yèn kêtaton lajêng andêr pêjah kapurunanipun.

Namaning Lêmbu

Lêmbu. Têgêsipun amot, dene ngêmot samukawis babêktan kuwawi.

Sapi. Têgêsipun amêdamêl kasar, utawi kêndêl dhatêng panas.

Andaka. Têgêsipun sapi ingon.

Andana. Sapi lanang pilalan.

Andini. Sapi wadon pilalan.

Gah. Têgêsiplen agahan, dene botên tampik kang dipun wawratakêن.

Pirdos. Têmbung Arab inggih sapi, nanging kocap ing lapal.

Sênu. Punika inggih mirid wujuding sapi, ananging alit-alit, inggih bongsa tanah Ngarap.

Namaning Kêbo

Kêbo. Têgêsiplen bodho, dene sami-sami bêbujêngan dharat langkung bodho piyambak. Tumindakipun kêdah kalayan kagirèkakêن.

Maesa. Têgêsiplen karêm ing jêjombok.

Mundhing. Têgêsiplen tumandhing, dene kalihan kancanipun piyambak asring bêrik, ngantos adamêl karisakan.

Bothi. Têgêsiplen maesa jalêr.

Krêbo. Têmbung Malajêng, kajêng saha têgêsiplen kérêp kungkum. Dene têmbung maesa sawêrni katêgêsan jarwa sota, omahe desa.

Namaning Wêdhûs

Wêdhûs. Têgêsiplen wêdhodhos, labêt dening karêm [ka...]

[...rêm] bijig.

Menda. Têgêsipun meda, dene sami-sami bangsaning kewan menda punika kathah medanipun piyambak, amung anuruti kajêngipun kemawon.

Padrawana. Têgêsipun kewan asor, labêt botên wontên pigunanipun, wijangipun, padra: asor, wana: kajêngipun wan: kewan utawi kiwa.

Domba. Têgêsipun lérêsing têmbung padronba, wijangipun, padro: menda, umba: têmpuk. Dados têgêsipun wêdhus wau inggih karêm bêrik.

Kambing. Têgêsipun karêm gembèr.

Namaning Cèlèng

Cèlèng. Têgêsipun cèlèng, dene wujudipun cêmêng.

Waraha. Têgêsipun saronggot. Dene cèlèng punika dêdamêlipun saronggot, inggih punika siyung kêkalih.

Sungkara. Têgêsipun damêlipun angêsus. Wijangipun, sung: angêsus, kara: gawe, dene yèn mêdal kapurunanipun amung majêng tekat.

Gênjik. Têgêsipun punika cèlèng alit, kabékta lampahipun taksih ngèjèk, awit badanipun dèrèng

agêng, dados taksih sarwa cikat tarampil.

Namaning Asu

Asu. Têgêsipun langkung madon, wijangipun as, kawadonan, su: luwih. Sawênèhing sarjana amantani,^[5] asu punika lérésipun angsuk, kabékta dene karêm gancèt, mila lajêng katembungakêñ anjing, liripun gandhèng.

Ségawon. Têgêsipun sêkul awon, dene karêm tinja, kabasakakêñ malih sêgala.

Srênggala. Têgêsipun langkung galak, wijangipun: srêng: nêpsu, gala: wuwu, punjur.

Cika. Têgêsipun jêgug, dene sagêd jêgug.

Sona. Têgêsipun sugih uni, dene gêrêng jêgug anyêngkong.

Namaning Ula

Ula. Uluwa, têgêsipun nguntal, dene yèn nênheda amung kaulu botêñ kamamah.

Sarpa. Sarapa, têgêsipun galak, dene yèn nêdheda kasarap kemawon.

Bujôngga. Têgêsipun pêngawak bau, dene tanpa bau amung awak kemawon, dene dhabplanging awak wus prasasat bapanging bau.

Ardawalika. Têgêsipun panjang sagêd nêkuk, wijangipun ardawa: panjang, lika: nêkuk.

Basuki. Têgêsipun waluya, dene darbe lisah kamulyan, dumunung wontên pêthit.

Naga. Têgêsipun sawêr agêng.

Namaning Bêdhati

Bêdhari. Têgêsipun yèn pangirit sapi wadon.

Senang. Têgêsipun yèn pangirit sapi lanang.

Manggra. Têgêsipun yèn pangirid banthèng.

Salamuka. Têgêsipun yèn pangirit maesa lanang wadon.

Astapada. Têgêsipun yèn pangirit maesa lanang.

Sambira. Têgêsipun yèn pangirit banthèng munya.

Wèsthî. Têgêsipun yèn pangirit jêjawi.

Camakantu. Têgêsipun yèn pangirit janma lanang wadon.

Dhudhula. Têgêsipun yèn pangirit jaran wadon.

Sisikunwanindha. Têgêsipun yèn pangirit kuda kêkalih.

Sisirat ancakaanda. Têgêsipun yèn pangirit kuda sakawan.

Gothaka. Têgêsipun yèn padhati ginarêbong, dados kajêngipun wangun aguwa, adat pangiritipun gajah, jalaran saking langkung awrat.

Gabrata. Têgêsipun yèn pangirit sima.

Gègèndik. Têgêsipun yèn pangirit menda agêng.

Skuthuk. Têgêsipun yèn pangirit sêgawon agêng.

Calitha. Têgêsipun manawi pangirit kidang ngujung.

Saligna. Têgêsipun yèn pangirit kapal tutul.

Namaning Tunjung

Pakaja. Têgêsipun yèn mêkar satêngahing banyu.

Kumuda. Têgêsipun yèn mêkar jroning banyu.

Sarasidya. Têgêsipun yèn mèdêm.

Saroja. Têgêsipun yèn dumunung anèng dharat.

Saroparuka. Têgêsipun yèn wigar.

Kamuda. Têgêsipun yèn kasatan toya.

Samawih. Têgêsipun yèn tumuwuh ing watu.

Tunjung. Têgêsipun manawi sampun wujud witipun.

Têrate. Têgêsipun ménawi mègar wonten ing bale kambang.

Singli. Têgêsiplen yèn sêkar badhe wigar.

Midhêmah. Têgêsiplen yèn mègar dalu.

Namaning Sêkar

Sêkar. Têgêsiplen kang anêdhêng mêkar.

Kêmbang. Têgêsiplen manawi kaingsêp madunipun dening kombang.

Kusuma. Têgêsiplen kang sumêdhêng gandanipun.

Padma. Têgêsiplen sêkar kang sawêg mèdêm, gandanipun taksih anunggil madunipun.

Puspa. Têgêsiplen kaanggit, atharik-tharik, punapadene kasêling-sêling panggenanipun.

Puspita. Têgêsiplen sêkar kang anêdhêng warni jêne, inggih punika badhe mègar.

Sari. Têgêsiplen sarwa sae, inggih punika anêdhêng sumêkar gandanya arum.

Namaning Godhong

Godhong. Têgêsiplen kang kanggo edhum, inggih punika kangege edhum dhatêng witipun, dados minôngka agêdhong dhatêng wit.

Ron. Têgêsiplen damêl rôrompyoh dhatêng wit.

Rondhaon. Têgêsipun godhong ngrêmbaka.

Dhaon. Têgêsipun godhong sumêdhêng.

Patra. Têgêsipun pahantara, dene godhong dados antara gêsanging wit, tandhanipun lêma kêra saking godhong.

Ujungan. Têmbung krama dhusun, kajêngipun ambasakakên, ijo, ijon, saking wujuding godhong kang ijêm, lajêng jêprah.

Namaning Kali

Kali. Têgêsipun kaili, dene kailenan toya.

Lèpèn. Têmbungipun ngajêng lèpwèn, kajêngipun lèp, wèn, têgêsipun ilèn-ilèn, wèn, panggenan toya.

Narmada. Lérêsipun têmbung, naharmada, têgêsipun pangêmotaning banyu.

Bangawan. Lérêsing têmbung ngajêng, banawan wijangipun, ban: banyu, awan: dalan, dados dalaning banyu.

Banawi. Banawe, têgêsipun kumpulaning banyu.

Ci. Têgêsipun gèn pasucèn.

Namaning Jurang

Jurang. Têgêsipun jêro.

Singgrong. Têgêsipun sing gêrong.

Rèjèng. Têgêsing rèjèng jarèh-jarèh.

Trêjung. Têgêsipun mengak-menggok.

Siluk. Têgêsipun inggih mengak-menggok.

Sungil. Têgêsipun langkung rumpil, dene sarwa makèwêdi.

Gahana. Lérêsipun guhan tuwin gwahan, têgêsing guhan pajêgongan, têgêsing gwahan cêgowahan.

Prajongan. Têgêsipun pajorongan, kabêkta ingkang dèrèng kulina ningali jorongên.

Namaning Guwa

Guwa. Têgêsipun lêmah ngêsong.

Guha. Têgêsipun goh, inggih punika siti anggêrong.

Rago. Têgêsipun siti ronggoh, dene gêrong.

Song. Têgêsipun rong kang ngêsuk.

Gothaka. Têgêsipun guthitan tuwin godhagan.

Gotaka. Têgêsipun ênggèn pêlowongan,

inggih godhagan.

Susupan. Têgêspun panglendhungan, dene asring kadamêl palendhunganing sato galak.

Padhuhan. Têgêspun panggogosan, dene anggêrong angêsong.

Namaning Pandhita

Pandhita. Têgêspun pêpundhèn, dene pinundhi-pundhi sarerehan wêwêngkonipun.

Dwija. Têgêspun angèsthi têrus lair batos.

Dwijawara. Têgêspun muruk sêja kalih prakawis, sapisan: angastuti dewa, kaping kalih: amrih karahayon.

Suyati. Têgêspun amêsu cipta. Wijangipun: suya: amêsu, ti: cipta.

Rêsi. Têgêspun suci, dene anêtêpi panggalih asuci.

Wasistha. Têgêspun: langkung awas, kados ta: sumérêp sadèrèngipun winarah.

Ajar. Têgêspun: wajib mêmulang.

Rèhing Pandhita

Saking ngandhap anama Indhung-indhung. Têgêspun: [Têgêsi...]

[...pun:] tiyang karerehan ingkang sawêg mondhek, damêlipun babad-babad wana saubêngipun ing ardi.

Inggahipun malih anama Gêluntung. Têgêsipun: tiyang sampun gêgriya nyagak sakawan, damêlipun angrérêmbat, usung-usung, mèndhêt kajêng tuwin toya.

Inggahipun malih nama Uluguntung. Têgêsipun: lurah kampung, inggih kabêbahan amranata sadaya padamêlan.

Inggahipun malih anama Cantrik. Têgêsipun: ingkang kabêbahan angladosi samukawis, utawi jagi kengkenan.

Inggahipun malih anama Cèkèl. Têgêsipun: juru tanêman, utawi jagi rumêksa patêgilan, awon sae wonten tanggêlaning Cèkèl.

Inggahipun malih anama Puthut. Têgêsipun: ingkang rumêksa sanggar palanggatan, utawi kabêbahan masang pirantosing sêsaji pamujan.

Inggahipun malih anama Mamanguyu. Têgêsipun: ingkang kabêbahan anabuh gêンtha kêkêlèng salêbêtipun pamujan.

Inggahipun malih anama Janggan. Têgêsipun: [Têgêsi...]

[...pun:] ingkang dados juru sérat, utawi anganggit-anggit.

Inggahipun malih anama Wasi. Têgêsi

un: ingkang dados juru pangadilan, angrampungi prakawis.

Inggahipun malih anama Ajar. Têgêsi

un: juru mémulang, kawajibuning para ulah arja.

Inggahipun malih anama Pandhita. Têgêsi

un: guru agêng ingkang sarwa putus, wajib sinébut Panêmbahan.

Rèh Pandhita Èstri

Saking ngandhap anama Obatan. Têgêsi

un: tiyang èsyri^[6] brêgajagan, lagi sésadean utawi têtumbas dhatêng pêkên.

Inggahipun anama Abêt-abêt. Têgêsi

un: lagi mangangsu utawi ramban.

Inggahipun malih anama Abon-abon. Têgêsi

un: lagi panyapu utawi mémasuh, sésuci sapanunggilanipun.

Inggahipun malih anama Kaka-kaka. Têgêsi

un: tiyang èstri lagi olah-olah.

Inggahipun malih anama Endhang. Têgêsi

un: lagi kengkenan utawi ngladosi.

Inggahipun malih anama Bidhang. Têgêsi

un: lagi dados [da...]

[...dos] inya, anêsepi putra wayahipun kiyai ajar.

Inggahipun malih anama Dhayang. Têgêsi

pu: jagi têtébah, utawi anyêbari sêkar ing sanggar palanggatan.

Inggahipun malih anama Sontrang. Têgêsi

pu: dados dhukun, amulasara sukêr sakit, utawi anggulawênthah anggadarèn putra wayahipun ki ajar.

Inggahipun malih anama Mêntrik. Têgêsi

pu: pinitados juru rêrawat sumakawis^[7] bangsaning busana, punapadene dhêdhaharan sapanunggilanipun.

Inggahipun malih anama Dungik. Têgêsi

pu: pêpingitan badhe dados garwanipun kyai ajar, padamêlanipun cariyos lêlampahan jaman kina, ingkang dados têpa palupinipun para pawèstri, kalanturipun dipun wastani Kôndhadongèng.

Namaning Warni 4

Abang (rêta). Têgêsi

pu abanging godhong. | Rêtawi. Têgêsi

pu abanging gêtih. | Rêtaga. Têgêsi

pu abanging sêkar. | Rêktadu. Têgêsi

pu abanging kewan. | Rêktama. Têgêsi

pu abanging galuga. | Rêktasa. Têgêsi

pu abanging apu.

Irêng (krêsna). Têgêsi

pu irênging uwong. |

Dumani. Têgêsiplen irênging nila. | Tanu. Têgêsiplen irênging mangsi. | Grêdhawa. Têgêsiplen irênging kayu | Sêkêri. Têgêsiplen irênging angus. | Asthaka. Têgêsiplen irênging kewan | Nilaba. Têgêsiplen irênging rêtna. | Umani. Têgêsiplen irênging mega.

Kuning (jênar). Têgêsiplen kuning sêmu ijo. | Dinar. Têgêsiplen kuninging mas. | Kunar. Têgêsiplen kuninging kunir. | Jêne. Têgêsiplen kuninging mas. | Kuning. Têgêsiplen kuninging wong. | Pita. Têgêsiplen kuninging sandhangan. | Kapurônta. Têgêsiplen kuninging jarit. | Jêning. Têgêsiplen kuninging sorot. | Blêngah. kuninging bêngle.

Putih (putih). Têgêsiplen putihing siyung, inggih putihing untu. | Wênês. Têgêsiplen putihing wong. | Pingé. Têgêsiplen putihing sêkar. | Dênta. Têgêsiplen putihing gadhing. |

Pêthak. Têgêspun putihing waspa, luh. | Kapas. Têgêspun putihling^[8] kapuk. | Seta. Têgêspun putihing ulér. | Mina. Têgêspun putihing iwak. | Pik. Têgêspun putihing minyak. | Icana. Têgêspun putihing sungging | Lawon. Têgêspun putihing jarit. | Suci. Têgêspun putihing ati.

Tamat.

TAPEL-ADAM

Sêrat Tapêl Adam, kidung macapat, jilid 1-2 tamat, sapunika ikêtan saha kasusastranipun sasagêd-sagêd kalérêsakên, 1 buku râgi pranko ing pos ... f 2.15

NITI MANI

Sêrat Nitimani, kadadosakên kalih jilid, amarsitakakên rèh tanduking asmara ingkang sagêd amranani dhatêng raosing wanita têmahan adamêl marêm, saha anggêlarakên bab kawruh bakaling dumadi kalihan sampurna, karanganipun Radèn Mas Adipati Arya Sigônda, bupati ing Pasuruan. 1 buku râgi pranko ing pos ... f 2.10.

1. tanggal. ([kembali](#))
2. prahara. ([kembali](#))
3. jawah. ([kembali](#))
4. Dobel dengan di atasnya. ([kembali](#))
5. amastani. ([kembali](#))
6. èstri. ([kembali](#))
7. samukawis. ([kembali](#))
8. putihing. ([kembali](#))